# 2020-жыл даўамында Қарақалпақстанда бир неше пуқараға турақ жай қурып берилди

Өткен 2020-жыл өзиниң оғада аўыр келгени менен ажыралып турады. Пүткил дүнья жүзин жаўлап алған коронавирус бизиң елимизди де шетлеп өтпеди. Деген менен Президентимиз тәрепинен алып барылған әдил сиясат ҳәм кеңпейил халқымыздың аўызбиршилиги бул сынақты да жеңип өтиўге имканият жаратты.

Пандемия дәўиринде баслы мақсет халқымыздың саламатлығын сақлаў болды. Сонлықтан көпшилик кәрханалар, исбилерменлер өз жумысын ўақтынша тоқтатыўға мәжбүр болды. Халықтың белгили қатламы дәраматсыз қалды.

Бирақта мәмлекетимиз оларды таслап қоймай ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлады. Соның менен бирге елимизде саўап исти ислеўши жақсы инсанлар өзлериниң жәрдемин берди.

Мәселен, 2020-жылда Нөкис қаласындағы кем тәмийинленген, жәрдемге мүтәж болған  5 шаңарақтың турақ жайы бузып жаңадан қурып берилген болса 4 шаңарақтың турақ жайы қайта оңлап берилди. Тақыятас районында 3 шаңарақтың турақ жайы қайта қурылды ҳәм 3 шаңарақтың турақ жайы реконструкциядан шығарылды.

Image not found or type unknown

Бозатаў районында 2020-жылда райондағы кем тәмийинленген 6 шаңарақтың турақ-жайларында қайта онлаў   жумыслары алып барылды.

Соның менен бирге, турақ-жайға мүтәж ҳаял-кызларды ҳәм шанарақларды қоллап-қуўатлаў мақсетинде  район орайынан 4 қабатлы  24 шаңараққа мөлшерленген арзанластылған турақ жайларды қурыў жумыслары алып барылды. 10 ҳаял-қыздың дизими қәлиплестирилип, үй-жайларының басланғыш төлеми Ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў жәмәәтлик фонды тәрепинен төлеп берилди. Сондай-ақ, Нөкис районында да 10 шаңарақты турақ-жай менен тәмийинлеў мақсетинде дәслепки төлемлери төлеп берилген болса 7 пуқараның турақ жайы оңлап

берилди.

Image not found or type unknown

Қубла районларда да бундай қайырлы ислер әмелге асырылды. Атап айтқанда Беруний районында 10 ҳаял-қызға турақ жай ушын дәслепки төлем төлеп берилип, 1 пуқараға жаңа имарат қурып берилди. Төрткүл районында еки шаңараққа турақ жай қурып берилип бир шанарақтың уйи реконструкциядан шығарылды. Елликқала районында 2 пуқараға жаңа имарат қурып берилип, 19 шаңарақтың турақ-жайы реконструкциядан шығарылды ҳәм 6 шаңарақтың басланғыш төлеми төлеп берилди.

Image not found or type unknown

Қанлыкөл районында болса 3 пуқараға жаңа имарат тиклеп берилип, 11 пуқараның жайы реконструкциядан шығарылды. Ал, Тахтакөпир районында 6 пуқараға жаңа турақ-жай қурып берилген болса 8 пуқараның имараты оңлап берилди.

Image not found or type unknown

Мойнақ районында  50 пуқараның арзанластырылған көп қабатлы турақ жайларының 10 пайыз басланғыш төлеми төлеп берилип, 18 хожалықтың турақ жайында оңлаў жумыслары алып барылды. Соның менен бирге 5 хожалыққа жаңа имарат тиклеп берилди.

Әлбетте бундай қайырлы ислер республикамыздың барлық районларында әмелге асырылды. Булардың барлығы жоқары инсаныйлық пазыйлеттиң бир көриниси десек асыра айтқан болмаймыз.

ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети